



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 16 me 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOPZISYON RÈGLEMAN POU ASIRE FOUNISÈ SÈVIS ETA A FINANSE YO  
PA PEYE KONPANSASYON OSWA FRÈ ADMINISTRATIF EGZAJERE**

***Plizyè ajans Eta a bay pwopozisyon règleman pou kòmantè piblik la***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse piblikasyon pwopozisyon règleman pou diminye depans pou frè administratif ak konpansasyon egzekitif nan founisè sèvis non-komèsyal ak founisè sèvis komèsyal eta a finanse.

Règleman ki pwopoze yo la pou egzekite Dekrè Egzekitif 38, Gouvènè Cuomo te pibliye nan mwa janvyè 2012 pou diminye konpansasyon ak depans administratif egzajere nan founisè sèvis ki resevwa lajan eta a oswa peman eta a otorize nan lajan federal.

Lè Gouvènè Cuomo te devwale Bidjè Egzekitif 2012-2013 la, li te endike ka kote ki gen nivo konpansasyon egzajere nan founisè non-komèsyal ki resevwa anpil milyon dola nan lajan kontribiyab yo. Nan yon ka, yon founisè ki resevwa \$19 milyon dola chak ane nan lajan eta a – 99% bidjè anyèl li – te depans \$3 milyon dola nan frè administratif, epi li te peye Direktè Jeneral li plis pase \$2,2 milyon dola anplis \$1 milyon dola nan chwa aksyonè yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Règleman sa yo la pou asire kontribiyab New York yo pwoteje, epi pou asire lajan eta a depanse yon fason ki rantab ak efikas. Founisè sèvis nou yo ki nan Eta New York se founisè ki pi bon nan nasyon an. Pou asire konfyans piblik nan founisè k ap travay di epi ki respekte règ jwèt la, règleman sa yo ap pèmèt gouvènman eta a idantifye ak bloke kèk founisè ki mete lajan kontribiyab yo nan pòch yo olye yo itilize lajan an pou sèvi piblik la.”

Règleman ki pwopoze yo konsène founisè ki resevwa plis pase \$500.000 dola nan sipò eta a chak ane, epi ki resevwa omwen 30% finansman anyèl yo nan eta a.

**Konpansasyon Egzekitif:**

Règleman ki pwopoze a anpeche founisè yo depanse plis pase \$199.000 dola nan lajan eta a pou konpansasyon yon egzekitif. Si yon founisè chwazi pou peye yon egzekitif plis pase \$199.000 dola nan lòt

sous, founisè a dwe kenbe konpansasyon an anba pi bon 25 pousan nan domèn nan, dapre detèminasyon yon sondaj sou konpansasyon ajans eta aplikab idantifye oswa rekonèt. Founisè ki peye yon egzekitif plis pase \$199.000 dola dwe jwenn apwobasyon konsèy administrasyon li pou konpansasyon an, ansanm avèk omwen de (2) direktè endepandan, epitou founisè sa yo dwe te fè yon evalyasyon done ki ka konpare yo. Nan ka kote priyorite konpetitif oswa kompleksite operasyon yon founisè egzije konpansasyon ki depase limit yo, epi nan lòt ka yo, founisè yo ka aplike pou yon anilasyon.

### **Depans Administratif:**

Règleman ki pwopoze yo egzije pou omwen 75% depans fonksyònman yon founisè ki fèt avèk lajan eta a se pou sèvis pwogram nan alapas frè administratif. Pousantaj sa a ap ogmante a 5% chak ane jouk lè li rive a 85% nan ane 2015. Depans envestisman yo pa afekte nan restriksyon sa a. Anilasyon yo disponib nan sèten sikonstans.

### **Rapòtaj:**

Règleman ki pwopoze yo egzije founisè yo pou bay rapòte chak ane lajan piblik yo te resevwa, konpansasyon egzekitif li yo, ak anplwaye ki touche anpil lajan, ak depans administratif yo. Founisè yo kapab soumèt rapò yo sou fòm elektwonik avèk yon fòm senp eta a, epitou yo p ap bezwen soumèt rapò a ba plizyè ajans. Egzijans sa a pou bay rapò a la pou evite repetisyon inital avèk egzijans founisè yo deja respekte pou bay rapò a.

### **Aplikasyon:**

Règleman ki pwopoze jodi a gen ladan yon pwosesis pou founisè yo aplike pou yon anilasyon pou restriksyon sou konpansasyon egzekitif ak sou depans administratif. Answit, règleman ki pwopoze yo prevwa yon pwosesis revizyon administratif nan ka kote yon founisè sante pa konfòme li. Pwosesis revizyon sa a ap bay anpil posiblite pou founisè yo fè tandè vwa yo, epitou pou fè koreksyon si founisè yo pa konfòme yo sou yon peryòd omwen 6 mwa anvan yo pran nenpòt sanksyon oswa aksyon kont yo. Si yo jwenn finalman yon vyolasyon epi founisè a pa pran mezi korektif, règleman ki pwopoze yo gen ladan plizyè aksyon posib, tankou re-afektasyon lajan an, oswa enpozisyon sanksyon.

Jeff Wise, Prezidan ak Direktè Jeneral the New York State Rehabilitation Association, di konsa, "NYSRA konsidere enstwiksyon Gouvènè Cuomo pou konpansasyon kò yon politik piblik ki trè solid. Nou kwè Gouvènè a vini avèk yon apwòch ki jwenn vrè ekilib la: yon enstrikasyon ki montre jesyon responsab lajan piblik pandan y ap bay lajan pou òganizasyon kominotè non-komèsyal yo, ak konsèy administrasyon volontè yo, mwayen pou metrize difikilte yo jwenn yo. Nou rekonèt bezwen Gouvènè a pou ankouraje responsablite fiskal nan chak nivo, epitou nou bat bravo pou efò l ap fè pou kontinye sa nan yon manyè ki rasyonèl ak onèt."

Michael Stoller, Direktè Egzekitif Human Services Council, di konsa, "Gouvènè Cuomo rekonèt wòl enpòtan sektè sèvis imen non-komèsyal yo jwe nan ofri swen pou moun ki gen plis nesite nan Eta a,

Haitian Creole

epi nan reprezante, poukont li, yon motè ekonomik pou Eta a. Nou fè yon sèl ak li pou asire gen konfyans nan gouvènman an ak nan founisè sèvis yo lè li pran mezi enpòtan sa a pou kreye prensip ki klè pou konpansasyon egzekitif ak pou depans administratif yo. Alòske detay teknik ap bezwen lòt diskisyon pandan peryòd kòmantè piblik la, prensip sa yo jwenn vrè ekilib la nan idantifye “move pòm yo” pandan yo pa akable pifò founisè non-komèsyal k ap ofri swen avèk konpetans pou vwazen ak manm fanmi nou yo ki nan nesosite. Nou pa ka tann pou travay anpil avèk Gouvènè a ak ekip li nan egzekite règleman sa yo, epitou nan devlope sistèm swen rantab, efikas, ak sansib lemonn pa janm konnen.

Lee Perlman, Prezidan Greater New York Hospital Association, di konsa, “Gouvènè a gen yon responsablite enpòtan pou asire enstitisyon non-komèsyal yo itilize lajan piblik la yon fason rezonab. GNYHA aksepte ak sipòte efò li yo pou asire yo itilize pi bon pratik ak bon sipèvizyon administrasyon lè y ap detèmine konpansasyon egzekitif. Pou ka rekrute ak konsève talan ki nesèsè pou opere enstitisyon konplèks ak klas mondyal nou yo, nou dwe konsidere anpil faktè tankou done sou mache lokal ak sou mache nasyonal.”

John A. Schuppenhaur, Prezidan New York State Association of Regional Councils, di konsa, “NYSARC te toujou kwè li gen responsablite pou lajan piblik la. Aksyon Gouvènè a ap ede asire piblik la nan moman difisil sa yo nou dwe pran responsablite nou. Sa kapab sèlman ede jwenn konfyans piblik la ki te toujou trè enpòtan pou misyon nou ak pou moun ak fanmi n ap sèvi yo. Answit, gid klè yo ap ede tout konsèy administrasyon non-komèsyal yo konfòme yo avèk responsablite yo nan itilize lajan eta a.

Se trèz (13) ajans eta ki pibliye règleman ki pwopoze yo jodi a, epitou règleman sa yo ap disponib pou kòmantè piblik la apati 30 me pandan 45 jou anvan yo finalize yo. Chak nan ajans valab yo ap afiche vèsyon pwovizwa règleman ki pwopoze yo sou paj wèb yo nan apremidi sa a. Ou kapab jwenn yon egzanzp règleman ajans ki pwopoze yo la a:

<http://w3.health.state.ny.us/dbspace/propregs.nsf/4ac9558781006774852569bd00512fda/fe1abd5a1b78ad8585257a00005afe2e?OpenDocument>

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418